

Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye Eta New York (NYS-MEP)

Apèsi sitwèb NYS-MEP Website pou Paran yo ak Fanmi yo




ALE SOU SITWÈB NYS-MEP

Paran yo kapab jwenn enfòmasyon itil konsènan NYS-MEP, sant pwogram (METS) yo ak sèvis asosye yo.

Ou kapab itilize lyen sitwèb <https://www.nysmigrant.org/> oswa ou kapab eskane Kòd QR pou ale sou sitwèb NYS-MEP.



GEN TRADIKSYON KI DISPONIB POU SITWÈB NYS-MEP



Sitwèb NYS-MEP ekri sitou nan lang Anglè. Sitwèb la itilize “Google Translate” pou ede ou nan lekti li nan lòt lang yo. Menmsi sa kapab itil, “Google Translate” pa kapab tradui tout kalite dokiman yo epi li pa ka ba ou yon tradiksyon egzat toutan. NYS-MEP pa kapab garanti presizyon tradiksyon sa yo. Tanpri chita pale avèk sant pwogram METS lokal ou pou jwenn plis enfòmasyon ak/oswa eklèsisman.

KONTAKTE NOU NAN NYS-MEP

Èske ou gen yon kesyon, kòmantè, oswa sijesyon? Pou kontakte NYS-MEP, tanpri itilize lyen sitwèb sa a <https://www.nysmigrant.org/contact> oswa eskane Kòd QR.

N ap mande ou non pou ak adrès imèl ou yon fason pou Ekip Sipò ki nan nivo Eta a kapab bay repons pou mesaj ou.



KONTAKTE SANT PWOGRAM METS YO



Lyen sitwèb sa a ap mennen ou nan yon kat jewografik konvèsasyonèl Eta New York. Klike sou yon konte pou jwenn enfòmasyon kontak pou sant pwogram METS lokal k ap sèvi konte a.

Ou kapab itilize lyen sitwèb <https://www.nysmigrant.org/map> oswa ou kapab eskane Kòd QR pou ale nan kat jewografik la.

BIBLIYOTÈK NYS-MEP pou PARAN YO AK FANMI YO

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary>

NYS-MEP devlope resous pou sipòte paran yo ak fanmi yo. Objektif yo se pou kreye yon anviwònman MEP k ap akeyi paran ak fanmi nou yo epi pou amelyore kapasite yo pou sipòte ak defann aprantisaj pitit yo. Nou modifye materyèl ak resous sa yo pandan tout ane a pou satisfè bezwen yo. **Modèl resous yo endike anba la a. Itilize lyen sitwèb yo oswa eskane Kòd QR yo pou jwenn enfòmasyon yo.**



Resous sou COVID-19 pou Fanmi yo

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary/covid19>



Seksyon sa a gen ladan enfòmasyon sou fason pou siviv avèk estrès, vaksen yo kont COVID-19, ak pwoteksyon fanmi yo.

Pwogram Cornell Farmworker: Anyè Sèvis pou Travayè Agrikòl pou Eta New York

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary/farmworkerservicedirectory>

Anyè a gen ladan enfòmasyon sou bank alimantè, sèvis swen sante, ak sèvis legal. Paran yo kapab chwazi pou chèche enfòmasyon yo nan Anyè ki nan lan Anglè a oswa nan anyè ki nan lang Panyòl. (Nòt: Anyè sa a pa endike chak ajans ki nan rejyon ou. Kontakte Pwogram METS pou jwenn resous siplemantè yo.)



Pwogram Asistans pou Travayè Sezonye nan Kolèj (College Assistance Migrant Program, CAMP)

<https://www.nysmigrant.org/resources/familylibrary/CAMP>



Pwogram CAMP ede elèv kalifye yo ki se travayè agrikòl migratwa oswa sezonye (oswa pitit travayè sa yo) avèk èd finansye, sipò akademik ak plis pandan premye ane kolèj yo nan SUNY Oneonta.

Videyo Enstriksyon nan Boza

<https://www.nysmigrant.org/resources/library/artworkshops>

Videyo sa yo montre teknik pou fè desen, lide atizana avèk fil oswa ajil, epitou fabrikasyon enstriman mizik. Videyo yo disponib nan lang Anglè ak lang Panyòl.

